

Parent Letter – Summer Statewide Assessments

Egzamen Aljèb 1, Byoloji 1, Sivik, Jeyometri B.E.S.T, e egzamen Final Istwa Ameriken administre nan yon sesyon 160-minit pou chak egzamen, men elèv kapab itilize tout jounen lekòl la pou fini egzamen an. Egzamen Ratrapaj Lekti FAST ELA administre nan yon sesyon ki dire 120 minit, men elèv kapab pran tout jounen lekòl la pou fini egzamen an.

Si ou menm oubyen pitit ou a ta renmen revize atik pou pratik yo lakay, pratik pou egzamen an ki baze sou òdinatè ansanm avèk repons yo disponib nan <https://fsassessments.org/families.html>.

Tanpri revize règleman sayo avèk pitit ou anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo papral pèmèt elèv genyen nenpòt aparèy elektwonik, enkli, men ki pa limite a, telefòn selilè, telefòn entelijan, mont entelijan nan nenpòt moman pandan egzamen an **oubyen** pandan rekreyason (egzanp, twalèt), **mensi aparèy yo fèmèn oswa elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik, yo pral anile ekzamen li.
- **Règleman sou Kalkilatis**—Pou egzamen Final Aljèb e Jeyometri B.E.S.T la, yo kapab itilize yon kalkilatè syanstifik pòtab. Pou egzamen Final Byoloji 1yo kapab itilize yon kalkilatè pòtab ki genyen kat fonkayon a.
- **Konfimasyon sou Règleman Egzamen yo**—Tout tès enkli yon Konfimasyon sou Règleman Egzamen ke yo li pou elèv yo: “Mwen konprann règleman egzamen ke yo te fenk li pou mwen yo. Si mwen pa swiv règleman yo, yo kapab anile rezilta egzamen mwen”. Anvan egzamen an, moun ki ap administre egzamen yo pral li règleman yo pou elèv, epi elèv pral rekonèt ke yo konprann règleman egzamen yo kote yo pral siyen deklarasyon ki anba nan katab la.
- **Diskite Kontni Egzamen aprè Elèv Fin Konpoze**—Yo pral li dènye pòsyon règleman egzamen an pou elèv anvan yo siyen Konfimasyon sou Règleman Egzamen ki anba a ki di: “Piske tout kontni nan egzamen eta yo an jeneral pwoteje, ou pakapab diskite oswa revele detay sou materyèl ki nan egzamen yo aprè ou fin konpoze. Sa enkli nenpòt tip kominikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks, kourye elektwonik, oswa afiche nan entènèt, pa egzanp, nan sitwèb tankou Facebook, Twitter, oswa Instagram.” Nou mande pou fè tout efò pou pitit ou konprann ke “diskite” kontni egzamen enkli nenpòt jan de kominikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks, kourye elektwonik, oswa afiche nan sitwèb blòg oswa medya sosyal, elatriye. **Kote elèv pakapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen ki pwoteje yo aprè yo fin konpoze, règleman sa pa nan entansyon pou anpeche elèv diskite eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandaman** — Elèv responsab pou fè pwòp travay yo pandan egzamen an epi yo responsab pou pwoteje repons yo pou lòt elèv pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap kopye pandan egzamen an, yo pral anile egzamen yo. Anplis de sa, Depatman Edikasyon Florid la (FDOE) anplwaye Caveon Test Security pou analize rezilta egzamen elèv pou detekte modèl repons ki similè nan fason ra. Yo pral anile egzamen elèv nan yon lekòl yo jwenn repons yo ekstrèmman nan yon fason similè.
- **Kite Lekòl la**—Si pitit ou kòmanse yon sesyon egzamen epi li kite lekòl la anvan li konplete l (pou manje midi, yon randevou oswa maladi, elatriye), yo **pa pral** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen sa. Si pitit ou pa santi li byen nan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li rete tann epi pran egzamen an nan yon dat ratrapaj. Tanpri sonje pou ou pa pwograme randevou nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon sou Egzamen**—Si pitit ou a genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP), Plan 504 Seksyon, oswa plan Moun ki ap Aprann Anglè, tanpri kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon egzamen ke yo pral ofri pitit ou.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram FAST, tanpri vizite portal la nan FLFAST.org.

Mèsi deske ou sipòte elèv ou epi ankouraje li pou fè meyè li pandan administrasyon egzamen sa.